



Michael R. Bloomberg
Mayor

**Department of
Health & Mental
Hygiene**

Thomas Farley, MD, MPH
Commissioner

**Department of
Education**

Joel I. Klein
Chancellor

Septanm 2009

Chè Paran oswa gadyen,

Nou vle swete w byenveni ankò pou antre lekòl la epi pataje kèk enfòmasyon enpòtan sou plan nou genyen pou sezon grip ane sa a. Grip se yon bagay nòmal pandan mwa otòn ak mwa ivè yo. Anplis grip sezon òdinè, viris grip H1N1 lan kapab tounen nan Vil Nouyòk ankò. Nou konfyan okenn nan viris sa yo pa p entèwonp ane lekòl la si nou travay ansanm pou nou kontwòle yo.

Nou atann pou yon vaksen H1N1 disponib pi ta nan otòn sa a. Vil la ap distribye vaksen an bay ajans sante, epi li planifye pou l ofri vaksen gratis pou timoun ki gen laj lekòl. Plan pou kounye a se ofri vaksinasyon pou elèv nan tout lekòl primè Vil Nouyòk - lekòl piblik ak lekòl prive – ak pou timoun ki pi gran nan lokal santral nan chak *borough*. Vaksen an egzije de dòz. Kidonk, chak lekòl oubyen sant ap òganize de sesyon vaksinasyon, avèk yon espas 4 semèn youn ak lòt apeprè. Tan ak dewoulman pwosesis la pral depann de kantite vaksen H1N1 an ak disponiblite estaf pou bay vaksen an. Yo p ap vaksine okenn timoun san konsantman yon paran oubyen yon gadyen. N ap pataje detay sou plan sa a avèk ou lè yo fini ak plan an.

Ou ka sonje lè H1N1 te kòmanse pwopaje prentan ki sot pase a, nou te fèmen lekòl pou yon ti bout tan kote ki te gen yon gwo kantite timoun ak estaf ki malad. Apati sa nou konnen sou viris la ak kòman li pwopaje, ane lekòl sa a Depatman Edikasyon ak Depatman Sante ap adopte yon regleman pou lekòl rete ouvè. Sa vle di lè grip la retounen ann otòn lan, nou pa planifye pou fèmen lekòl kote ki gen anpil kantite ka grip. Olye nou fèmen lekòl, n ap travay avèk paran ak lòt manm kominote lekòl la pou kenbe lekòl nou yo ouvri.

Enfimyè lekòl yo ap itilize yon baz done pou tout vil la pou yo rapòte kantite elèv yo konfime ki ta sanble gen maladi grip la pandan yo lekòl la, epi ap gen yon lis sou kantite elèv ta sanble gen maladi grip la pou chak lekòl nan sit wèb grip vil la (www.nyc.gov/flu).

Nou kwè seryezman woutin mezi kontwòl enfeksyon efikas pou prevni pwopagasyon grip epi yo bay fanmi mwens pwoblèm. Etap pou kontwòle grip nan lekòl nou yo byen senp. Lè w fè pitit ou pran vaksen, kenbe yo lakay yo lè yo malad, epi aprann yo enpòtan lave men ak kouvri bouch yo, ou ka ede kenbe pitit ou a an sante ane sa a. Men yon lis ki gen plis detay sou mezi nou mande w pou pran.

- Fè pitit ou a pran vaksen kont H1N1 ak grip sezon depi vaksen an disponib.

- Aprann pitit ou pou yo lave men yo souvan. Lave men yo avèk savon ak dlo pou 20 segond omwen se ideyal (apeprè tan li pran pou chante chanson *Happy Birthday* a de fwa).
- Aprann pitit ou pou yo kenbe men yo lwen figi yo epi pou evite manyen bouch yo, nen yo oubyen je yo.
- Aprann yo pou yo kouvri bouch yo ak nen yo avèk yon napkin oubyen avèk anndan koud yo lè y ap touse oubyen etènye Touse oubyen etènye nan manch rad yo – pa nan men yo!
- Ede timoun aprann mezi sante sa yo lè w sèvi kòm ekzanp oumenm.
- **Pa voye pitit ou lekòl si li gen lafyèv ak tous oubyen malgòch.** Elèv ki rete lakay yo poutèt sentòm grip sipoze pa vin lekòl jiskaske kondisyon yo amelyore epi tanperati yo nòmal (98.6° F) pou 24 èdtan omwen. Yo p ap bezwen yon biyè doktè pou yo retounen lekòl.
- Timoun lekòl voye lakay yo avèk lafyèv, tous oubyen malgòj pa p kapab retounen lekòl pazavan omwen yon jou konplè pase apre yo te voye yo lakay yo.

Si pitit ou a vin malad pandan jounen lekòl la, li enpòtan pou nou konnen kòman nou ka kontakte w. Tanpri sonje pou bay lekòl pitit ou a enfòmasyon ki ajou pou yo kontakte w. Epi fè sèten ou fè enfimyè lekòl la konnen si pitit ou a gen yon pwoblèm sante kwonik , tankou opresyon oubyen dyabèt.

Pou plis enfòmasyon sou grip ak kòman pou pwoteje fanmi w, ou ka toujou rele 311 oubyen ale nan www.nyc.gov/flu.

Mèsi davans poutèt w ap bay patisipasyon w pou fè ane lekòl sa sa yon ane an sante ak pwodikatif pou timoun ou yo.

Ak senserite,



Joel I. Klein
Chanselye
Depatman Edikasyon



Thomas Farley, MD, MPH
Administratè
Depatman Sante ak Ijyèn Mantal
*Department of Health and Mental
Hygiene(DOHMH)*